## АДÆМÆН ЦИТГИЙНАГ РÆСТУОДÆЙ Æ СÆРБÆЛТАУ ХЪАЗАУАТГÆНÆГ АДÆЙМАГ!..



***Илья ЭРЕНБУРГ (1891-1967), номдзуд советон финсæг: «Америкаг газет «Гарольд»-и уацхæссæг Эрнест Хемингуэй ахид фембæлидæ нæ тугъдонти хæццæ. Æ зæрдæмæ цудæй, знаги фæскъуилдунмæ ахид ка цæуидæ, еци Хаджи, удуæлдай нифс æма æхсари хецау (кавказаг ке адтæй, уомæ гæсгæ 'й бакастæй испайнаг æнгъæлиуонцæ). Хемингуэй æ роман «Ке туххæй зæлланг кæнуй мурæ»-йи партизанти тохи туххæй ци хабæрттæ ракодта, уонæн сæ фулдæрей ниффинста Хаджий дзубандитæмæ гæсгæ...»***




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№36 (907) 2023 анзи 23 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


# Æ ЛÆГДЗИЙНÆДТИ НАМУС – ИРИСТОНÆН ÆНОСОН КАДÆ!..



Мамсурати муггаги мæсуг сæ фидтæлтиккон гъæу Дæргъæвси.

Нæ номдзуд æмзæнхон **Мамсурати Хаджи-Умари** туххæй е 'рдхуард, зундгонд советон кинооператор, Испаний граждайнаг тугъди архайæг **Роман Кармен** (1906-1978) æ имисуйнæгти уотæ финста:

«…Еци бон мæнæй некæд феронх уодзæнæй. Уæди уæнгæ Мамсурати Хаджий хæццæ ахид не 'мбалдан. Уиндгун, бæзæрхуг ирон лæхъуæн, æ цæстингас – зæрдхæлар, адтæй мадзора, æ рæстæг фулдæр æрвиста еунæгæй. Хаджий алæмæти æхсардзийнади туххæй дессæгтæ дзурдтонцæ. Испайнаг æвзаг нæ зудта, уотемæй фашистти фæскъилдунти зилдæй, æхуæдæг ке равзурста, уæхæн бæгъатæр испайнаг лæхъуæнти минкъий къуари хæццæ. Хаджи æма е 'мтохгæнæг æмбæлттæ Мадридмæ нæмæ æрбахъæртиуонцæ, уотемæй сæ разæй фæуууиуонцæ сæ нифсгун æма æхсаргин гъуддæгути туххæй хабæрттæ. Знагæн исаразиуонцæ, бауæндæн дæр зинтæй кæбæл адтæй, уæхæн фудмиутæ: алли рауæнти ин исрæдовиуонцæ æ артиллерион скълæдтæ, фашистон аэродромти исрæмодзиуонцæ бомбитæй сæ тæккæ идзаг бомбæгæлдзæг хуæдтæхгутæ, дæрæнгондæй фæснæдтæмæ гæлстонцæ æфсæнвæндæгтæбæл Гитлер æма Муссолиний тохæнгæрзтæ æма æрдонгтæ ласæг эшелонтæ…»

Гъе уæхæн æхсаргин æма æфсæддон гъуддæгути разагъди ацъагъуæгинæй Мамсурати Хаджи-Умар фескъуæлхтæй аллихузон тугъдон цаути, уæлдайдæр ба финнаг æма Устур Фидибæстон тугъдтити архайгæй. Агъазиау æнцæ е 'скъуæлхтдзийнæдтæ нæ Советон паддзахади æдасдзийнадæ федар кæнуни æма нæ бæсти Гæрзефтонг тухти фæстугъдон арæзтади…

Уонæй кæцидæр хабæртти туххæй мах дæр нæ газети мухур кодтан аллихузон æрмæгутæ. Абони ба ин æ рохс ном уомæ гæсгæ имисæн, æма 15 сентябри Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-болкъон Мамсурати Джеори фурт Хаджи-Умари райгурдбæл исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1903-1968). *Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-7-аг фæрстæбæл.*

## АРФÆ КÆНÆН!..



## АККАГ КАДÆ – АККАГ АДÆЙМАГÆН

Æцæгæй исцитгин кæнуни аккаг ка 'й æ лæгдзийнæдти берæ арфиаг гъуддæгутæ ка аразуй, еци адæймагæн аккаг аргъгонд ку цæуа, уæд е æхцæуæн æй, хуарзæн æ хуарз ка лæдæруй, уонæн еугуремæн дæр. Уомæ гæсгæ ба, æруагæс ни кæнуй, нæ дзиллæй хъæбæр беретæ зæрдиагæй бацийнæ кодтонцæ нæ республики зундгонд адæймæгутæй еу, **Фадзайти Омари фурт Æхсарбег** майдан «Иристони Намусæн»-æй хуарзæнхæгонд ке 'рцудæй, еци гъуддагбæл.

Фадзайти Æхсарбеги адæмæн амонун нæ гъæуй. Куд æхсæнадон-политикон æма хæдзарадон архайæг, уотæ фескъуæлхтæй, æма ни федарæй æруагæс кæнуй, идарддæр дæр æскъуæлхтдзæнæй, нæ республикæн дæр æма нæ дзиллæн дæр фарнæхæссæг æнтæстдзийнæдтæй. Æруагæс ба нин уомæ гæсгæ кæнуй, æма, ци гъуддаги бацæуй, уой, æнæмæнгæ, фенхæст кæнуй удуæлдайæй, куд хуæздæр фæгъгъæуй, еци хузи. Уомæн æма æ уодиконди æй царди еугур гъуддæгути дæр рæстзæрдæ, бæрнон, хъæппæресгин, ацъагъуæгин ун.

Æма ин абони æ паддзахадон хуæрзеуæги фæдбæл арфæ кæнгæй, нæ зæрдæ зæгъуй, фиццагидæр, федар æнæнездзийнадæ, уæдта, цæмæй æ уодигъæди хиццаг менеугути тухгиндзийнадæ æхецæн дæр, æ хеуæнттæн дæр æма не 'хсæнадæн дæр хуæрзгæнæг уонцæ. Æма ди, Æхсарбег, абони нæ дзиллæ куд боз æма сæрустур æнцæ, еци фарнæ агъазиауæйагъазиаудæр куд кæна!..

***Республикон газет «Дигори» редакций къуар.***

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**

***«Россельхознадзор»-и кавказаг регионалон управлени мониторинги куд исбæрæг кодта, уотемæй нæ республики кæцидæр рауæнти фæззиндтæй зæранхæссæг «америкаг уорс гæбæло». Абони уæнгæ америкаг уорс гæбæлой ахæсти бахаудтæй нæ республики фæзуæтти 4577,4 гектари.***

## АХУРАДÆ



Ахурадæ æма науки министрадæй куд игъосун кæнунцæ, уотемæй ахури нæуæг анзи нæ республики скъолати косун райдæдтонцæ 186 ахургæнæги. Сæ профессионалон ирисхъи райдайæни син разæнгардгæнæг уодзæнæй е дæр, æма сæ кусти фиццаг анзи дæргъи син уæлæнхасæн ма фист цæудзæнæй сæ мизди 70 проценти, дуккаг анзи ба – 50 проценти. Ахургæнæги дæсниадæ устур цæстиварди кæнун ке байдæдта, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма еци дæсниадæ райсуни нисанеуæгæй аци анз астæуккаг сæрмагонд æма уæлдæр ахургæнæндæнттæмæ бюджетон бунæттæмæ ист æрцудæй 600 ахурдзауи. Педагогон æргомæздæхти профилон къласæтæ скъолати нерæнгæ иссæнцæ 50 бæрцæ.

## НÆДТÆБÆЛ ЦÆУНИ ÆДАСДЗИЙНАДÆ



Республики прокурори ихæстæ æнхæстгæнæг Илья Иванов æрæги ци æмбурд исаразта, уоми дзубанди цудæй нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади фарстати фæдбæл. Æма си архайгæ дæр кодтонцæ, уони æнхæст кæнунбæл комкоммæ ихæсгин ка ’й, еци ведомствити минæвæрттæ. Æмбурди куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй аци анз евгъуд авд мæйей дæргъи æрцудæй, 58 адæймаги кæми фæммард æй æма 754 адæймаги кæми фæццæф æнцæ, уæхæн 478 фæндагон-транспортон фидбилизи. Уæлдай сагъæссаг ба е æй, æма уæхæн цаути фидбилизи ке бахаунцæ сувæллæнттæ – амунд рæстæги 74 фидбилиземи дууæ сувæллони фæммард æй, 87 ба си цæфтæ фæцæнцæ.

## ПАДДЗАХАДОН АГЪАЗ



Цæгат Иристони инвестицион проекттæ исæнхæст кæнунæн фæййагъаз кæнуни нисанеуæгæй аци анз Уæрæсей Хецауади фæстауæрцæ фондæй 333 миллион соми дехгонд æрцæуйдзæнæй нæ республики модулон фусунуæтти арæзтадæн. Нæ республики туризми гъуддæгути фæдбæл комитети сæрдари ихæстæ æнхæстгæнæг Тебиати Мадинæ куд баханхæ кодта, уотемæй республики арæзт æрцудæй модулон фусунуæттæ, ес си 270 бунати. Фал цæмæй уавæр, куд гъæуй, уотæ исхузæнон уа, уой туххæй ба ма гъæуй тæккæ минкъийдæр, 400 уати кæми уа, уæхæн фусунуæттæ исаразун. Æма еци гъуддаг гъæуама рæхги арæзт æрцæуа еци радехгонд 333 миллион сомей фæрци.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайæг иристойнаг тугъдонти дæлхайæдтæн Цæгат æма Хонсар Иристони разамонгутæ Сергей Меняйло æма Гаглойти Алан бабæй рарвистонцæ материалон-техникон ефтонггæрзтæ: æмарæзти комплекттæ, сæ архайд ахедгæ кæмæн æй, уæхæн дæсгай дронтæ, æма идарддзæф æгъдауæй архайун кæмæй æнгъезуй, уæхæн дзихъиртнæуæг квадрокоптертæ, кæцитæн сæ бон æй цæлхдортæ еуварс кæнун хъаурæгиндæр оптикон системи фæрци.

* * *

**Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-йи регионалон программæ «Зæрди тогдадзинтти незти нихмæ тох»-и фæрци республикон клиникон сæйгæдони фæззиндтæй еума – цуппæрæймаг – магнитон-резонансон томограф. Уой фæрци нерæнгæ бал исаразтонцæ 800 æртасæнемæй фулдæр – æркæсунцæ еу бонмæ финддæс сæйгемæ. Диагностикæ искæнун сæйгитæн сæ бон æй, айдагъ сæйгæдони сæхе дзæбæхгæнгæй нæ, фал поликиникæй гæгъæдитæ райсгæй дæр.**

* * *

Маддæлон æвзаги ахургæнгути ’хсæн Еугуруæрæсеуон профессионалон конкурси еу хаййæн – «Скъоламæ цæуни агъоммæ кари сувæллæнтти ’хсæн маддæлон æвзаг парахат кæнуни хуæздæр фæлтæрддзийнадæ» – æ кæронбæттæни еристæ арæзт æрцудæнцæ Цæгат Иристони, иннæ хаййæн – «Маддæлон æвзаг æма литератури ахургæнæг» – ба Хъæрæсе-Черкесий. Сæ хатдзæгтæ исбæрæг уодзæнæнцæ абони, 23 сентябри.

* * *

**Æрæги Дзæуæгигъæуи 42-аг скъолай ци технопарк «Кванториум» байгон æй, е иссæй Цæгат Иристони æртиккаг уæхæн нуриккон технологон ефтонггарз. Уонæн сæ нисан æй инновацион технологитæй ахурдзаути ефтонг кæнун, бæрзонд арæхстдзийнадæ кæмæ уа, уæхæн специалисттæ цæттæ кæнун.**

**Республики алли рауæнти цæрæг сувæллæнттæ ами бундоронæй ахур кæнунцæ хими, биологи, робототехникæ...**

* * *

Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй, се ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ гъигæдард ка æрцудæй, уæддæр спортбæл ба æновуд ка ’й æма си разæнгардæй ка архауй, еци спортсменти спартакиадæ. Равардтонцæ ин алæмæти нифсдæттæг ном – «Дуйне æнæ арæнтæй». Спартакиадæ нæ республики арæзт цæуй цалдæрæймаг хатт. Нури еристи архайгутæ иссæнцæ дууæ карей спортсментæ – 14 анземæй 17 анзей уæнгæ кæбæл цæуй, етæ, уæдта хестæрдæртæ.

## НÆ АБОНИ ЦАРДИУАГИ УАВÆРТÆ СТАТИСТИКОН БÆРÆГГÆНÆНТÆМÆ ГÆСГÆ

# НÆ ИСОНИБОН БА КÆД ФÆРНÆЙДЗАГДÆР УИДÆ...

***Адæймаги уодисконд уотæ ’й, æма æ цардиуаги нури уавæртæ цийфæнди æнæзæрдæмæдзæугæ ку уонцæ, уæддæр æ уæгæ нæ мæлуй, æма æхецæн æвæруй нифситæ: «Мæ исонибон ба кæдимайди ба фæрнæйдзагдæр уидæ...» æма, æвæдзи, уæхæн цæстингасæй кæсун гъæуй, аци анзи фиццаг æмбеси нæ цардиуаги хабæрттæ куд рауадæнцæ, уомæ дæр. Уой фæдбæл нæ республики статистикон управлени æрæги ци бæрæггæнæнтæ фегъосун кодта, уонæй уæ еу цалдæрей хæццæ зонгæ кæнæн.***



### АДÆМÆН Æ ГЪОМУСАДÆ Æ БÆРЦÆЙ ДÆР ИРÆЗУЙ...

Аци анзи æхсæз мæйемæ республики цæргути нимæдзæ 956 адæймагей бæрцæ фæмминкъийдæр æй. Райгурдæй 3419 сувæллони – фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 7,9% минкъийдæр. Ка рамардæй, уони нимæдзæ ба иссæй 3463 адæймаги – фари хæццæ рабаргæй, 23,1% минкъийдæр.

Республики цæргутæй æрдзон уагæй фæгъгъудæй 44 адæймаги (фари фиццаг æмбеси ба – 793 адæймаги). Ка рамардæй, уонæй 15 сувæллони (гъома, 0,4%) анзи уæнгæ дæр ка нæ фæццардæй, уæхæн 15 сувæллони 2023 анзи фиццаг квартали, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, сувæллæнтти мæлунади коэффициент 17,1% фæффулдæр æй (гъома, 1000 нæуæгигурдтæй рæстæмбес нимадæй 4,1 сувæллони анзи уæнгæ дæр нæ фæццардæнцæ).

Аци анзи æхсæз мæйемæ республики сæ цард байеу кодтонцæ 1076 къайади, ихæлд ба ’рцудæй 2175 къайади. Фари фиццаг æмбеси хæццæ рабаргæй, арæзт къайæдти нимæдзæ 6,9% фæмминкъийдæр æй, ихæлд къайæдти нимæдзæ ба 36,2% фæффулдæр æй.

Нæ республики цæргути бæрцæй, адæм æндæр регионтæмæ æма фæсарæнтæмæ цæрунмæ ке рандæнцæ, уой фудæй фæгъгъудæй 912 адæймаги, фарæ еци рæстæг ба – 1802 адæймаги.

Нæ республики медгъуддæгути Министради миграций фарстати Управлений бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2023 анзи 1 июли нæ республики фæзуатбæл регистрацигонд æрцудæй 61 лигъд æма цæрæн бунæттæй æнæбари раййевæг адæймаги (2022 анзи 1 июли уæнгæ ба – 119 адæймаги). Уонæй еугуремæй фулдæр – 53 адæймаги (86,9%) – æрбацудæнцæ Гурдзийæй.

### КОСУН КА УАРЗУЙ, Е Æ ЦАРД АРАЗУЙ...

Аци анзи фиццаг æмбеси январи-июни республики еугур кустуæттæ æма косæндæнтти фæллойнæгæнгути нимæдзæ рауадæй 115 мин адæймаги, гъома, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 100,4%.

Нæ республикæ адæмæн кустдæттæг Комитети бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2023 анзи июни кæрони æгуст адæми номхигъдтæмæ хаст адтæй 3,4 мин адæймаги. Æгуст адæймаги официалон уагæвæрд адтæй 3,1 мин адæймагемæ (е æй, фари хæццæ рабаргæй, 1,6 хатти минкъийдæр).




Агъазесæг æгуст адæми нимæдзæ июни кæрони адтæй 2 мин адæймаги, гъома, фари хæццæ рабаргæй, 39,3% минкъийдæр. Уотемæй ба республики кустуæттæ æма косæндæнтти нæ фагæ кодта 1764 косæги, фари еци афони ба – 1229 косæги.



### ДÆ КИСÆ КУД АМОНУЙ...

Аци анзи дуккаг квартали, фари декабри хæццæ рабаргæй, республики фæлхасадон базари æргътæбæл бафтудæй 2,7% (Уæрæсей – 2,8%), уой хæццæ, хуайраги товарти æргътæбæл – 4,3% (Уæрæсей – 2,2%), промышленнон товарти æргътæбæл – 0,7 % (Уæрæсей – 1,2%), лæггæдти æргътæбæл ба – 3,3% (Уæрæсей – 5,6%).

Дуккаг квартали промышленнон товаруадзгути продукций æргъти индекс рауадæй 104,2%, уой хæццæ, пайдайаг æрзæтти амалкæнуйнади – 103,5%, хомаг рæвдзæгæнæг кустуæтти – 104,7%, электрон тухæй, газ æма дони тæфæй æфсесади, уæлдæф кæдзоскæнуйнади – 103,5%.

Гъæууонхæдзарадон продукци уадзгути продукций æргъти индекс ба рауадæй 102%, уой хæццæ: зайæгойти продукци фæхъхъазардæр æй 2,4%, фонсдарунади продукци ба фæййасландæр æй 3,2%.

Инвестицион нисанеуæги продукций (хæрзтæ, лæггæдтæ) æргъти еумæйаг индекс дуккаг квартали рауадæй 105,8%, уой хæццæ: арæзтадон продукци уадзгути æргъти индекс – 105,4%, машинттæ æма инвестицион нисанеуæги ефтонггæрзтæ æлхæнуни æргъти индекс – 107,9%, инвестицион нисанеуæги æндæр продукций (хæрзтæ, лæггæдтæ) æргъти индекс ба – 100%.

Июни кæрони хуайраги продуктти тæккæ минкъийдæр бæрци аргъ, мæйæмæ нимайгæй, рауадæй 5584,36 соми, гъома, майи кæрони хæццæ рабаргæй, фæхъхъазардæр æй 3,2%, анзи райдайæнæй фæстæмæ ба ибæл бафтудæй 9,7%.

### КАДАВАР МИЗДÆЙ МÆСГУТÆ НÆ ИСАМАЙДЗÆНÆ...

Аци анзи фиццаг æмбеси, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, адæми æхцай æцæг æфтуйæггæгтæ (фæлхасадон æргъти ирæзт нимайгæй, æнæмæнгæ федуйнаг феддонтæ рагæлдзуни фæсте) рауадæнцæ 108,0%.

Еу адæймагмæ мæйæмæ хауæг æхцай æфтуйæггæгти бæрцæ рауадæй 30492,4 соми.

Адæми æхцай хумæтæги æфтуйæггæгти бæрцæ рауадæй 124546,1 миллион соми – (фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 13,3% фулдæр), адæми æхцай хæрзти бæрцæ ба адтæй 116572,8 миллион соми (фарæй 7,6% фулдæр). Æхцай æфтуйæггæгтæ рауадæнцæ хæрзтæй 7973,4 миллион соми фулдæр.

Аци анзи фиццаг æмбеси адæм æхцай æфтуйæггæгти еумæйаг бæрцæй товартæ æлхæнун æма лæггæдтæбæл бафедунæн исхарз кодтонцæ 85,6%, æнæмæнгæ федуйнаг феддонтæбæл – 7,4%, бундорон есбонадæ æлхæнунбæл ба – 1,1%.



Январи-июни республики еугур кустуæттæ æма косæндæнтти рæстæмбес нимадæй мизди (материалон агъаз æма социалон феддонтæ нæ нимайгæй) бæрцæ, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, рауадæй 13,2% фулдæр.

Фæлхасадон æргъти индекс нимайгæй, январи-июни, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, æцæг мизди бæрцæ рауадæй 107,3%.

Фиццаг июли нисангонд пенсий рæстæмбес бæрцæ адтæй 16610,6 соми, гъома, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 3,9% фулдæр. Фæлхасадон æргъти индекс нимайгæй, нисангонд пенсити æцæг бæрцæ рауадæй 99,6%.

**Хуцаубони, 24 сентябри Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй машинттæ аразæги Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн, нæ республики аци промышленнон къабази ка косуй, уонæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**

## НÆ ЦАРДИУАГИ САГЪÆССАГ ФАРСТАТÆ




# ХÆМПÆЛГÆРДÆГБÆЛ ЦАЛИНМÆ НÆ БАНДЗАРАЙ, УÆДМÆ ’Й НÆ ИСКУНÆГ КÆНДЗÆНÆ!..

Еу гъæуи цæргутæ, дан, байхуæрстонцæ хъалагъуртæ, цæмæй син етæ сæ есбойнадæ гъæуай кодтайуонцæ æма гъæубæсти медæгæ дæвдтитæ мабал цудайдæ. Рацудæй еуцæйбæрцæдæр рæстæг, фал сæмæ хуснæгдзийнæдтæ минкъийдæр нæ, фал фæффулдæр æнцæ.

Уæд бабæй син еу æхсæвæ сæ фонс кадæр фæттардта æма гъæубæстæ фæффæдеси ’нцæ. Бантæстæй син фонсдавгути æрахæссун. Æма дин етæ ба ку разинниуонцæ... сæ хъалагъуртæ. Адæм исдзолгъо-молгъо ’нцæ. Æма уæд еу зæронд обауи сæрмæ исхизтæй æма сæ уордигæй сабур кæнуй:

– Мæнæ хуарз адæм, байгъосайтæ мæмæ!..

Адæм ку æрæнцадæнцæ, уæд син зæгъуй:

– Цæй æма нæ хъалагъуртæн хъалагъуртæ байхуæрсæн...

Аци хабар, зæгъетæ, цæмæ гæсгæ раймистан? Нуртæккæ Уæрæсей дæр, гъулæггагæн, уæхæн уавæр исæвзурдæй, æма нæ еугурадæмон есбойнади мулкитæ гъæуай кæнун æма сæ хæдзардзинæй харз кæнунбæл ауодун кæмæн ихæсгонд æй, уонæй беретæ еци хъалагъурти хузæн разиннунцæ, ци гæнæн æма амал ес, уомæй хæлæф кæнунцæ.

Еци фудракæндтитæ, гъома, коррупцион æверхъаудзийнæдтæ ææгæр ке берæ кæнунцæ, уомæ гæсгæ арæзт æрцудæнцæ, куд еугур уæрæсеуон, уотæ еугур регионти дæр коррупций нихмæ тохгæнæг къамистæ.

Уæхæн къамис архайуй Цæгат Иристони. Æрæги бабæй ин адтæй æмбурд. Сæрдареуæг си кодта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Уоми архайгутæ си æрдзубанди кодтонцæ регионалон бюджети фæрæзнити къазнайадон æмдзой фарстатæмæ, уæдта, республики медицинон къабази æма паддзахадон æлхæнуйнæгтæ кæнуни, коррупций нихмæ ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæмæ.

Паддзахадон контракти бахигъдтæ коррупцион тасдзийнадæй багъæуай кæнуни архайди туххæй радзурдта Федералон къазнайади Цæгат Иристони дæлхайади управлений разамонæги хуæдæййевæг **Галазти Владимир**. Куд загъта, уотемæй къазнайадон æмдзуди хæццæ финст бадзурдтæ, уæдта се ’хцай фæрæзнитæ дæр анзæй-анзмæ фулдæр кæнунцæ.

Къазнайадон æмдзуди фæстеуæг, Галази-фурт куд фæббæрæг кодта, уотемæй абони паддзахадон заказтæ финансон æгъдауæй «кæдзосæй» æнæхстгонд цæунцæ. Е æй коррупций нихмæ агъазиау фæрæзнæ, уæдта нæ уадзуй æхцай фæрæзнитæй, бафинст бадзурдти амунд ка нæй, уæхæн æнæнисангонд хæрзтæ кæнун.

Сергей Меняйло æмбурди архайгути зæрдæбæл æрлæууун кодта, къазнайади æргæнтæмæ ке ес бартæ урухдæр къазнайадон æмдзокæнунæн, регионæн федералон фæрæзнитæй ци уагъд цæуй, уони харз кæнуни гъуддæгутæмæ цæстæ дарунæн æма ма æ радзубандий бафæдзахста:

– Пайда кæнун гъæуй аудити барæй – уой фæрци æнгъезуй, куститæ гъæугæ хузи æнхæстгонд цæунцæ æви нæ, уой исбæрæг кæнун, æма бюджети фæрæзнитæ фæстауæрцæ кæнунбæл дзорун. Федералон къазнайади республики дæлхайади управленийæн фæдзæхсун, цæмæй къамисæн игъосунгонд цæуонцæ, паддзахадон оргæнти æма подрядон кустуæтти архайди бюджетон закъонади ци ихæлдтитæ рабæрæг уонцæ, уони туххæй.

Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан** æмбурди куд фегъосун кодта, уотемæй медицинон уагæдæнтти коррупций нихмæ арæзт цæунцæ аллихузон ахедгæ мадзæлттæ, профилактикон куст си цæуй æнæсцохæй. Цæмæй коррупцион фæззиндтитæ кунæггонд цæуонцæ, уой туххæй медицинон уагæдæнтти исæвардтонцæ «хе бахатуни асиккитæ» («Ящики обращений»). Уони фæрци адæмæн сæ бон æй фегъосун кæнун коррупций фæззиндтити туххæй, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази коррупцион фæззиндтити æма æндæр сагъæссаг фарстати туххæй.

Цæгат Иристони паддзахадон нисанеуæги æлхæнуйнæгти управлений сæргълæууæг **Лагкути Омар** ба æмбурди радзурдта, аци уагæдони коррупций нихмæ куд архайунцæ, уой туххæй.

Æмбурди кæронбæттæни ба бæлвурд фæдзæхститæ лæвæрд æрцудæй, коррупций нихмæ архайд фæййахедгæдæр кæнунæй ихæсгин ка ’й, еци къабæзти разамонгутæн. Е ахсгиаг æй, уомæй ахсгиагдæр ба æй е, æма еугур еци фæдзæхститæ гъæугæ хузи æнхæстгонд ку ’рцæуиуонцæ.

Ес уæхæн загъд: «Хæмпæлгæрдæгбæл цалинмæ нæ бандзарай, уæдмæ ’й нæ искунæг кæндзæнæ!..» Коррупци ба, нæ абони цардарæзт нин, гъулæггагæн, ци аллихузон хæмпæлгæрдгутæ гъигæ дарунцæ, уонæн сæ тæккæ тæссагдæр æма маргæйдзагдæр æй – уомæн æма агъазиауæй-агъазиаудæр зæрантæ айдагъ нæ экономикæн нæ хæссуй, фал ма сахъат кæнуй не ’хсæнади хелæдæрундзийнадæ, уодигъæдæ. Уомæ гæсгæ ба æ нихмæ еумæйагæй, æхсæнади еугур гæнæнтæ æма равгитæй тох кæнун гъæуй. Еци хъамиликустгæнгутæ ба гъæуама карзæй-кардзæрæй æфхуæрд цæуонцæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# НИФССАСТÆЙ УСТУР ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗÆН НÆЙЙЕС

Нæ нури цардарæзти уавæртæй кадæртæ зæрдрохс æнцæ, кæмæндæртæн ба сæ уодтæ мæгургæнæг. Уой фæдбæл æрæги дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ Уæрæсей алли рауæнти цæрæг алли кари дзилли ’хсæн ци æрфарст исаразтонцæ, уой рæстæги сæ бафарстонцæ: «Æрхæндæг уавæри ку фæуууотæ, уæд си кутемæй исцох уæн ес?..» Сæ дзуæппитæ еумæйагæй ба рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (процентгæй нимайгæй).



**1. Æрхæндæг уавæри бахаун:**

**а) Анзи æмбеси дæргъи цалдæр хатти кенæ æстæндæр – 45%**

**б) Мæйи дæргъи цалдæр хатти – 12%**

**в) Еудадзугдæр фæуун уæхæн уавæри – 3%**

**г) Æгириддæр некæд æрхун кæнун – 38%**

**2. Æрхæндæг уавæрæй исцох унæн тæккæ хуæздæр мадзал – куст, уарзон гъуддагæй архайун – 55%**



## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Наукити Императорон академий æмбурдтæй еуеми æ президент граф Николай Носильцев бахаста фæндæ Алексей Аракчееви, паддзахæн æ тæккæ хеуондæр хъозони, академий кадгин иуонгæй равзаруни туххæй.

– Уанæбæрæг цæмæй фескъуæлхтæй науки? – дестæгæнгæй президенти бафарста академик Александр Лабзин.

– Паддзахмæ уомæй хæстæгдæр неке ес, – адтæй президенти загъд.

Уæхæн дзуапп фегъосгæй, Лабзин æй фехсилкъæ кодта:

– Кæд паддзахмæ хæстæгдзийнадæ уоййасæбæл ахсгиаг æй, уæд мæнмæ ба мадта æндæр фæндæ ес: кадгин иуонгæй равзарæн паддзахи бæхтæрæги. Е паддзахмæ уотид хæстæг нæй, фал ма æ разæй дæр фæббадуй…

* * *

*Рæстæгути бон алцидæр æй, зæгъгæ, ку фæззæгъунцæ, уæд е, ка ’й зонуй, цæмæйдæрти раст æй, фал алци ба сæ бон уæддæр нæй. Мæнæ ци хабари кой ракодтан, е кæд æма кæд адтæй!.. Æностæ райевгъудæй, фал уæди хузæн абони дæр нæ царди ахсгиагдæр гъуддæгутæ кæцæй арæзт гъæуама цæуонцæ, еци рауæнтæ ахæссунцæ паддзахеуæггæнгутæн сæ хеуондæртæ. Етæ ба кенæ арæхсгæ дæр нæ кæнунцæ сæ ихæстæ æнхæст кæнунмæ, кенæ ба сæ фæндгæ дæр нæ кæнуй, кенæ ба сæ еци бæрнон бунæтти уоййасæбæл æнæбаргин æнцæ, æма сæ бон неци æй. Ка ’й зонуй, æма сæ е гъæугæ дæр некæми кæнуй, уоннæн сæ сагъæстæ æндæр æнцæ: кæрæй-кæронмæ сæхе цардиуаги хабæрттæ аразун… Цидæриддæр æй, уæддæр паддзахади равгитæ дæр кадаваргонд цæунцæ æма хумæтæг адæм дæр сæ уавæртæй исгъигæ ’нцæ.*



**Борис ЧЕРНЫШОВ, Паддзахадон Думи сæрдари хуæдæййевæг, бахаста фæндæ, цæмæй нæ бæсти медæгæ рейстæ æнхæстгæнæг хуæдтæхгути игъосункæнуйнæгтæ ма игъосун кæнонцæ англисаг æвзагбæл.**

* * *

Æ загъдмæ гæсгæ, уой фудæй исæвзуруй «зæлон æма цæстуингæ æстуф». Махмæ гæсгæ ба, еци æстуфæй уоййасæбæл устур зæран нæййес. Кæмити фулдæр гъигæдарæг æй Паддзахадон Думи депутатти æстуф, уомæн æма си ка рантæсуй, еци закъонтæн сæ фулдæр се ’дулидзийнадæй зæранхæссæг исунцæ падзахадæн дæр æма адæмæн дæр.



**Мария ЗАХАРОВА, Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути пресс-атташе: «Евроцæдеси сæхе дæр нæбал æхснунцæ æма сæ дарæс дæр нæбал æхснунцæ…»**

* * *

Уотæ зæгъуйнаг æй æма син дон, кенæ ба дон исгъар кæнунæн артаг нæбал фагæ кæнуй? Æма уæд Евроцæдеси ци деголæ кæнуй? Мæнæ ами нæхемæ, Уæрæсей берæ рауæнти адæм кæмидæрти дон хæссунцæ хъæбæр идардæй, кæмидæр ба сæмæ ’й рæстæгæй-рæстæгмæ хуæдтолгитæй ласунцæ… Куд фæззæгъунцæ, еске цæсти къæмæ уинуй, æхе цæсти ба æнæгъæнæ лух нæ æстæфуй…



**Георгий БОВТ, политолог: «Дæсгай æнзти дæргъи, цидæртæ ба сауæнгæ Петр I рæстæгутæй фæстæмæ, етæ еугурæйдæр ихæлд æрцудæнцæ анз æма æрдæгмæ…»**

* * *

Растдæр, æвæдзи, уотæ зæгъун уодзæнæй, æма «Уæрæсей нæуæг цардарæзт» разгелгутæ, æцæгæйдæр, берæ цидæртæ кæд фехалдтонцæ, уæддæр ци сæ нæ гъудæй æма сæ ци нæ гъудæй, уони. Пайда цæмæйдæриддæр адтæй, уони ба сæхердигæй фæккодтонцæ. Нæ бæсти хæлхъой уавæртæ исаразгæй, хецаудзийнадæмæ ци æдзæсгæнттæ байервазтæнцæ, етæ сæ хъозæнтти хæццæ фæххæлæф кодтонцæ еугурадæмон есбойнадæбæл. Æма нæ хъиамæтгун адæм æновуд фæллойнæй ке фембурд кодта, еци гъæздугдзийнæдтæ ’нцæ нуриккон бонгинти къохти – етæ ба нæ адæмæн æнцæ æдеугурæй е ’хсæрдæс проценти.

**Геуæргибони, 26 сентябри бæрæггонд цæудзæнæй зæронд æрдхуæрдти хæццæ фембæлди Бон. Æхцæуæн бæрæгбон – æнæмæнгæ ’й исбæрæг кæнетæ, уе ’мбæлтти хæццæ кæрæдзебæл бацийнæ кæнетæ.**

*Павел БАТОВ (1897-1985), æфсади инæлар, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр: «Мæ царди дæргъи исæмбалдтæн берæ зундгонд адæймæгути хæццæ, фал си, мæ бон æй федарæй зæгъун, айдагъдæр еунæг адæймаг алæмæти æнхæст адтæй знаги нихмæ тохи нисанмæ нæрæмон тундзундзийнадæй æма æвæллайгæ æргъудийнадæй – е адтæй инæлар*



Хаджи-Умар æ ниййергути хæццæ.



Хаджи-Умар æ хеуæнтти хæццæ. Æ фарсмæ къелабæл бадуй æ биййнойнаг Паулинæ.



Хаджи-Умар (сæрккаг рæнгъи, 8-аг галеуæрдигæй) Краснодари кавалерион æфсæддон скъолай. 1925 анз.

# Æ ЛÆГДЗИЙНÆДТИ НАМУС – ИРИСТОНÆН ÆНОСОН КАДÆ!..

...Бæрæгбон æ тæмæни адтæй, уотемæй, берæ дзиллæ кæми æрæмбурд æй, еци фæзæмæ рацудæй нæлгоймæгти устур къуар, рарæнгъæ 'нцæ, сæ разæй ба æрлæууун кодтонцæ еу биццеуи – куд иннетæ, уотæ е дæр дессаги рæсугъд цохъати... Еуцæйбæрцæдæр рæстæг сабургай ралæугæй, еци биццеуи зæлланг гъæлæсæй ниййазæлдæй зар...

*Нæ урссæр къæдзæхтæн æнафоны сау их*
*Сæ къулыл æрхызти, гъей!*
*Фæдисмæ, læппутæ! Æнамонды сау мигъ*
*Нæ хурыл æртыхсти, гъей!*
*Йæ базыртæ систа тæхынмæ цæргæс дæр,*
*Уæллаг хохыл абадт, гъей!*
*Хаджи-Умар æрбайста хæцынмæ йæ гæрзтæ,*
*Йæ саулохыл абадт, гъей!*
*Фæснæлы цъитийæн нæ комы лæбырдтæм*
*Йæ уазал æрцыди, гъей!*
*Хаджи-Умары цæфтæй æгомыг лæгсырдтæн*
*Сæ адзал æрцыди, гъей!*
*Асыйаг рæгъаугæс сæ байрæгты æхсæн*
*Йæ бæх бацагуырдта, гъей!*
*Саханджери уымæн мæнгард лæгты æхсын*
*Дзæбæх бацамыдта, гъей!*
*Нæ колхозы хосдзау Иуанейы фæстæ*
*Хæрзиунæгæй карста, гъей!*
*Мамсыраты Хаджи Испанийы хæстæй*
*Хæрзиуæг æрхаста, гъей!*

Фæзи ци берæ адæм æрæмбурд æй, етæ зæрдæхцæуæнæй игъустонцæ зармæ. Зæрдæхцæуæнæй ба уомæ гæсгæ, æма сæрустур адтæнцæ еци зар ке адтæй, æ берæ намусгин лæгдзийнæдтæй æма æскъуæлхтдзийнæдтæй нæ райгурæн Иристон æнæгъæнæ дуйнетæбæл кæмæй исцитгин кодта, нæ еци номдзуд инæлар Мамсурати Джеори фурт Хаджи-Умари туххæй. Уæд бæрæгбони ка адтæй, еци хестæртæй æй кадæртæ, куд е 'мдогонтæ, уотæ комкоммæ дæр зудтонцæ, æ цардвæндаги хабæрттæ ин кенæ æхецæй, кенæ е 'мтохгæнгутæй æригъосиуонцæ... Кæстæртæн дæр зундгонд куд нæ адтайдæ – еуемæй сæ хестæрти имисуйнæгтæй, иннемæй ба Мамсури-фурти туххæй фæстаг рæстæгути ци аллихузон цæмæдесаг æрмæгутæ зиннун байдæдтонцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, ци киунугутæ финст æрцудæй, ци телеуинунадон равдиститæ æма кинонивтæ уагъд æрцудæй, уонæй.

Мамсурати Джеори фурт Хаджи-Умар райгурдæй Ольгинскæйи гъæуи 1903 анзи 15 сентябри (уогæ æхуæдæг æ имисуйнæгти куд дзурдта, уотемæй бæрæг нæй, бæлвурдæй кæци мæйи, кæци бон райгурдæй, е. Æ загъдмæ гæсгæ, æ райгурцæ ин ка гъуди кодта, еци хæстæрти загъдмæ гæсгæ, е адтæй фæззæги мæйтæй еуеми, æнгъæлдæн, ноябри). Æ фиди æнсувæр, номдзуд революцион архайæг æма Советон хецаудзийнадæ Цæгат Иристони æрфедар кæнунбæл разæнгарддæр тохгæнæг Саханджери хуæрзæрдæмæ хъæбæр фæббæрæг æй æ хуæрифуртæн æ цардвæндаги райдайæни æ уодигъæдæбæл, зæгъун æнгъезуй уотæ дæр, æма гъеуæд æ сæризунди федар кæнун байдæдта рæстдзийнади сæрбæлтау тохмæ разæнгарддзийнадæ, еци хъазауати цийфæнди зиндзийнæдтæн дæр бафæразунмæ цæттæдзийнадæ. 1918 анзи июни сæрæн биццеу барвæндонæй бацудæй Дзæуæгигъæуи сурхгвардион къуармæ æма бæгъатæрæй архайдта уорсгвардионти нихмæ тугъдон мадзæлтти.

1920 анзи Хаджи каст фæцæй облæсти скъола, 1923 анзи ба – Искæсæни фæллойнæгæнгути коммунистон университет. Куста партий Дзæуæгигъæуи зилди комитети инструкторæй, Краснодари национ бæхгинти скъолай ахургæнæгæй, Цæгат Кавкази æфсæддон зилди бæхгинти хецæн национ полкки æфсæддон комиссари агъазгæнæгæй, фæстæдæр ба, 1938 анзи нисангонд æрцудæй Дагестани бæхгинти хецæн национ дивизий æфсæддон комиссарæй.

## НАМУСМÆ НАДБÆЛ ЛÆГÆХСАРÆ ЛÆГ ФÆНДАРАСТ КÆНУЙ!..

Æригон æфсæддон архайæгæн 1932 анзи ци характеристикæ лæвæрд æрцудæй, уоми финст адтæй мæнæ уотæ: «Мамсурати Хаджи-Умар æй нифсхаст æма фæразон адæймаг, хатгай – зиндзорæн. Сурх Æфсади Æфсæддон-политикон академий къурситæ каст фæцæй хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Фæстаг анзи æрдæги дæргъи политикон кустæй бафæлладæй, фæндуй æй командири бунатмæ раййевун. Национ полкки командири хуæдæййевæги куст æнхæст кæнуй æнтæстгинæй, æнгъезуй æй бæхгин полкки штаби хецауæй исæвæрун».

1933 анзи апърели Дзæуæгигъæуæй Хаджий райййивтонцæ Казанмæ æма 'й иснисан кодтонцæ эскадрони командирæй.

Анзи фæсте æ уæлдæр хецауеуæггæнгутæ ирон æфсæддони характеристики финстонцæ мæнæ уотæ: «Мамсури-фурти эскадрон нимад æй раззагдæр æфсæддон дæлхайæдтæй еуебæл. Эскадрони командири исæвæрæн ес хецæн бæхгин дивизиони командирæй, кенæдта – полкки командири хуæдæййевæгæй».



**Мамсурати Гидзой фурт Сахангерий (1882-1937), Хаджи-Умари фиди æнсувæр, адтæй зундгонд революцион архайæг, Советон хецаудзийнади рæстæг ба куста бæрнон разамонæг бунæтти Цæгат-Кавказаг крайи. Гъулæггагæн, æвудæй бастъалдæй евгъуд æноси 30-аг æнзти фуддзийнæдти рæстæг.**

Хецæн фæдæсгарæн дивизиони командири 1935 анзи феврали райййивтонцæ Сурх Æфсади Фæдæсгарæн управленимæ, æма уæдæй фæстæмæ Хаджий кусти хабæрттæ зундгонд адтæнцæ æдеугурæй цалдæр адæймагемæн.

Зондзинайтæ уой дæр, æма Мамсури-фурт ке архайдта Испаний фæллойнæгæнгути сæ сæребарæдзийнадæбæл тугъди. 1947 анзи 1 октябри ке ниффинста, æ еци автобиографий уой туххæй ес айдагъдæр цалдæр рæнгъи: «1936 анзи мæ командировки рарвистонцæ Испанимæ, æма уоми фæдтæн 1937 анзи октябри уæнгæ. Разамунд лæвардтон Мадрид фашистон æфсæдти нимпурститæй гъæуайгæнæг æфсæддон къуарæн. Фадуæттæ исаразтон æма разамунд лæвардтон Испаний еугур партизанон змæлдæн. Архайдтон цалдæр тугъдон операций. Тугъдтити рæстæги цалдæр хатти фæццæф дæн».

Испаний медтугъди цаути туххæй æ автобиографий æндæр неци ес финст, уотемæй ба нæ бæсти æхсаргин минæварæн тугъдон операцити рæстæги бантæстæй берæ агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæ. Уонæбæл, абони дæр ма си берæ цидæртæ сосæггаг ке 'нцæ æма сæ æргомгæнæн ке нæма ес, уомæ гæсгæ, цæйбæрцæ æнгъезуй айдагъдæр, уойбæрцæ финст æрцудæй киунугути дæр æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр.

Æ испайнаг сæрмагонд балцийæй Хаджи фæстæмæ Мæскумæ æрбаздахтæй 1937 анзи октябри æма идарддæр службæ кодта Сурх Æфсади Фæдагорунадон управлений. 1938 анзи ба нисангонд æрцудæй управлений сæрмагонд хайадæ «А»-йи сæргълæууæгæй. Финляндий тугъди рæстæги ахæста Генералон штаби Фæдагорунади управлений оперативон къуари хецауи хуæдæййевæги бунат, разамунд лæвардта финнаг æфсæдти фæскъилдуни архайæг лыжитæбæл цæуæг сæрмагонд æфсæддон къуарæн.

Куд æфсæддон архайæг, уотæ Мамсури-фуртмæ кæд агъазиау фæлтæрддзийнадæ адтæй, уæддæр æй лæдæрдтæй, æ рæстæги домæнтæмæ гæсгæ ке гъæуй никки бундорондæр зонундзийнæдтæ, уой, æма 1940 анзи ноябрæй 1941 анзи маймæ ахур кодта Фрунзей номбæл Æфсæддон академий уæлдæр командæкæнуйнади къурсити. Уони каст фæууни фæсте федаргонд æрцудæй Сæйраг фæдагорунадон управлений сæрмагонд оперативон къуари хецауæй.

## «ÆФСÆДДОН РАЗАМОНÆГИ ИСКУРДИАДÆ ÆРДЗÆЙ РАХАСТА...»

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд æ фиццаг бонтæй фæстæмæ Сурх Æфсади Генералон штаб фадуæттæ

*Мамсурати Джеуæри фурт Хадж-Умар... Аци адæймаги архайди хабæртти туххæй бунтон æнхæстæй радзоруни рæстæг, гъулæггагæн нæма ралæудтæй, ку ралæууа, уæдта сæ кæсдзæнæнцæ æма дестæ кæндзæнæнцæ,нæ цæйбæрцæбæл замманай адæймæгутæ исгъомбæл кодта, уобæл...»*



аразта знаги фæскъилдуни дзиллон партизанон æзмæлд парахат кæнунæн. Æма еци гъуддаг тæккæ хуæздæр райаразунмæ кæд еске исарæхстайдæ, уæд фиццагидæр Мамсури-фурт. Уомæ гæсгæ ба ’й тугъди райдайæнæй дууæ бони фæстæдæр, 24 июни рарвистонцæ Нигулæйнаг фронтмæ, знаги æфсæдтæ ке байахæстонцæ, еци рауæнти бунæттон партион-фæскомцæдесон æма советон косгутæй партизанти æма диверсантти къуæрттæ аразунмæ. Æ комкоммæ разамонæг адтæй фронти командæгæнæг, Маршæл К. Ворошилов. Июли Хаджи-Умар фæдагорунадон куст кодта Цæгат-Нигулæн æма Ленингради фронтти. Августи ин æ бари бакодтонцæ горæт Чудовæмæ хæстæг тохæг 311 дивизи.

Цалдæр боней фæсте фæццæф æй æма госпитæлмæ бахаудтæй. Уордигæй рацæуни фæсте, 1941 анзи октябри нисангонд æрцудæй, уæд ке аразтонцæ, еци Мæскуйаг фронти фæдагорунади хайади хецауæй, еци анзи ноябри ба – Сурх Æфсади Сæйраг фæдагорунадон управлений сæрмагонд оперативон къуари разамонæгæй.

Мамсури-фурт æй лæдæрдтæй, ци куст ин бабарæ кодтонцæ, е дæр ахсгиаг æма хъæбæр гъæугæ ке æй, уой, æма ’й æнхæст дæр тæккæ хуæздæр хузи кодта. Фал фæлтæрдгун æфсæддони уæддæр фæндадтæй фронтмæ, тохæг æфсадмæ. Æма 1942 анзи январи æй исæвардтонцæ Брянски фронти 114 бæхгин дивизий командирæй, майи ба – Æвдæймаг бæхгин корпуси командири хуæдæййевæгæй. Августи бабæй имæ фæстæмæ фæддздзурдтонцæ Мæскумæ æма нисангонд æрцудæй партизанон змæлди Хонсайраг штаби хецауæй, ноябри ба – партизанон змæлди Центрон штаби оперативон хайади хецауæй, 1943 анзи январи ба – Сурх Æфсади Сæйраг фæдагорунадон управлений дуккаг хайади хецауи хуæдæййевæгæй.

Мамсури-фурти дæсни разамундæй Украини, Белоруссий, Ленинградi облæсти æма æндæр регионти партизанти къуæрттæ знаги нихмæ бæгъатæрæй тухтæнцæ. Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ советон зæнхæбæл кæмидæриддæр æрæнцадæнцæ, уоми еугур рауæнти дæр сæхебæл бавзурстонцæ партизанти тухæ. «Партизантæ ’нцæ Сурх Æфсадæй тæссагдæр. Куд фæстæдæр, уотæ лæдæрун райдæдтан, нæ нихмæ æнæгъæнæ Уæрæсе ке тохуй, уой»,– финстонцæ немуцаг æфсæддонтæ сæ хеуæнттæмæ. 1942 анзи августи Гитлери бардзурдмæ гæсгæ гермайнаг хабархæссæг фæрæзнитæн дзурд «партизан»– æй пайда кæнуни барæ нæбал адтæй. Тугъди фæсте Гитлери раздæри инæлар-болкъон Л. Рендулич куд загъта, уотемæй немуцаг æфсæдтæ ци паддзахæдтæ байахæстонцæ, уонæй Советон Цæдеси партизантæ еугуремæй æнтæстгиндæрæй архайдтонцæ.

Адтæй нæ адтæй, уæддæр 1943 анзи мартъий болкъон Мамсури-фурти разамунд ин æ курдиадæбæл исарази æй æма æрвист æрцудæй хуæцæг æфсадмæ, апърели мæйи ба нисангонд æрцудæй Хонсайраг Нигулæн фронти Дуккаг гвардион Хъиримаг бæхгин дивизий командирæй. Аци бунат ахæсгæй, Хаджи бахъæрттæй гермайнаг сахар Дрезденмæ. Арæхстгин æфсæддони тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй е ’мтохгæнгутæй еу, Никитæ Глушко ниффинста æма рауагъдадæ «Ир»-и ка рацудæй, еци киунугæ «Наш комдив».

«Мæ зæрдæбæл дарун Мамсури-фурти хæццæ фиццаг фембæлд, – финсуй Н. Глушко. – Мæ рази лæудтæй бæзæрхуг, иуонггин, ездон нæлгоймаг. Уотæ мæмæ кастæй, цума æфсæддон разамонæги искурдиадæ æрдзæй рахаста. Хаджи нин сабур гъæлæсиуагæй, æнæсхуст дзубандийæй лæдæрун кодта нæ тугъдон ихæстæ...»

Мамсури-фурт разамунд ци дивизийæн лæвардта, е берæ карз тугъдтити фескъуæлхтæй – куд советон зæнхæй знаг фæстæмæ тæргæй, гитлерон Германий дæлбарæ ци европаг паддзахæдтæ адтæнцæ, уони уæгъдæ кæнгæй дæр.

Мамсуронтæ се ’фсæддон хаййи рæстæгмæ æрлæууни бунатæй 1945 анзи 7 январи ранæхстæр æнцæ сæ тугъдон балций, æма æртиндæс бонемæ 600 километрей дæргъæн над рацæугæй, 20 январи бахизтæнцæ фашистон Германий зæнхæмæ. Дивизи æрæхгæдта, Домбровски æвзалукъахæн шахтæй нигулæнæрдæмæ фæстæмæ ка рандæй, знаги еци æфсæдти нæдтæ, фæстæдæр ба архайдта цæугæдæнттæ Клодницайи, Рудайи æма Одери сæрти бахезæни, уæдта сахартæ Бреслау, Кант, Ноймаркт, Лигниц, Гольберг, Шенау æма æндæртæ байсуни фæдбæл карз тугъдтити.

Дивизий хæйттæ 9 майи æхсæви æрбунæттон æнцæ сахартæ Арцберг, Блюмберг æма Ванфендорфмæ хæстæг рауæнти. Тугъдвæллад адæм куддæр æрхустæнцæ, уотемæй дуйне байдзаг æй аллихузон тохæндзаумауи гæрæхтæй – е адтæй Советон Æфсади Уæлахези кадæн салют.



Мамсурати Хаджи-Умар разамунд кæмæн лæвардта, еци 2-аг гвардион бæхгин дивизи Устур Фидибæстон тугъди рæстæг хуарзæнхæгонд æрцудæй тугъдон хуæрзеугутæй.

## СÆ ТОХ АДТÆЙ УСТУР ÆМА ХЪАЗАУАТОН, УОМÆЙ ИССÆНЦÆ УÆЛАХЕЗОН!..

Не ’мзæнхони дивизи нæ бæсти Уæлахезмæ устур æвæрæн ке бахаста, уомæн æвдесæн æнцæ æ хуæрзеугутæ. Хаджи ин разамунд ци рæстæги лæвардта, уæд аци æфсæддон еугонд хуарзæнхæгонд æрцудæй цуппар хуæрзеуæгемæй – Ленини, Сурх Турусай дууæ æма Богдан Хмельницкийи ордентæй, цалдæр хатти ин райарфæ кодта Сæйраг уæлдæр командæгæнæг, дивизий командирæн исаккаг кодтонцæ Ленини æртæ, Сурх Турусай фондз, Суворови II къæпхæни, Кутузови I къæпхæни æма Фидибæсти тугъди I къæпхæни ордентæ, уæдта ма берæ майдантæ, 1945 анзи 29 майи ба ин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Устур Фидибæстон тугъди дзамани дуккаг гвардион бæхгин дивизий æфсæддонтæй æвддæс адæймаги иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ.

Мамсури-фурт 1945 анзи 24 июни архайдта Мæскуй Уæлахези Паради, куд Фиццаг Украинаг фронти еугонд полкки батальони командир.

Хаджи еци паради фæсте Мæскуйæй ку æрбаздахтæй, уæд син сæ дивизи райййивтонцæ Венгримæ, фæстæдæр ба – Нигулæн Украинæмæ «бендеронти» нихмæ тохунмæ. 1945 анзи декабри æма 1946 анзи январи ба дивизий хæйттæ райййивтонцæ сахартæ Чкалов, Уральск æма Тоцкоемæ хæстæг рауæнтæмæ.

1946 анзи августи 2-аг гвардион бæхгин дивизи райурстонцæ æндæр æфсæддон хæйттæбæл, Мамсури-фурти ба исæвардтонцæ, Брянкси ка æрбунæттон æй, еци хецæн бригади командирæй, иннæ анз мартъий ба ’й ахур кæнунмæ рарвистонцæ Генералон штаби Æфсæддон академимæ. Уой каст фæуугæй, Хаджи-Умар разамунд лæвардта æфсæддон еугæндтæн – дивизийæн, æфсадæн. 1957 анзи ба косун байдæдта Генералон штаби, адтæй си Сæйраг æсгарæн управлений хецауи хуæдæййевæг, æнхæст кодта паддзахадон устур сосæгдзийнæдтæ си ке ес, уомæ гæсгæ абони дæр раргом кæнун кæмæн нæма æнгъезуй, уæхæн куст. Гъулæггагæн, еци уавæрæй еуæй-еу æдзæсгон адæймæгутæ фæппайда кæнунцæ, æма Мамсури-фурти арæзт дам-думтæ агорæг хабархæссæг фæрæзнити, гъуддæгутæ уотæ бавдесунцæ, цума сæ етæ сæхуæдтæ, кенæ ба сæ «зæрдтагон» адæймæгутæ исаразтонцæ. Уогæ, æууæндæн, рацæудзæнæй рæстæг æма æцæгдзийнадæй исбæрæг уодзæнæй...

## Æ ЦАРДВÆНДАГ ДАРГЪДÆР БÆРГÆ КУ РАУАДАЙДÆ...

Мамсурати Хаджи-Умари цардвæндаги хабæртти, æ алæмæти æфсæддон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй уойбæрцæбæл берæ радзоруйнæгтæ ес, æма син нæ газети цалдæргай номертæ дæр нæ исфагæ уодзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба нæ зæрди ес, еци хабæртти туххæй æрмæгутæ фæстæдæр дæр ма ниммухур кæнун. Нæ абони дзубанди ба фæккæрон кæнæн уомæй, æма Мамсурати Хаджи-Умар уодикондæй дæр æма бауæригъæдæй дæр хъаурæгин адтæй, фал æ цардвæндаги над ба æгæр цубур рауадæй – рацардæй æдеугурæй фондз æма æртинсæй анзи. Ка ’й зонуй, фулдæр фæццæрун æма фæккосун ма ин ку бантæстайдæ, уæд цæйбæрцæбæл агъазиау хуарздзийнæдтæ ма исаразтайдæ нæ Фидибæстæн, нæ уарзон Иристонæн. Фал... Цалдæр, еу иннемæй карздæр тугъдеми фæййархайгæй, уæдта æнæуой дæр æ куст уойбæрцæбæл уæззау адтæй, æма уой фудæй берæ зиндзийнæдтæ ке бавзурста, уомæ гæсгæ е ’нæнездзийнадæ фæстагмæ уоййасæбæл рæвдзитæй нæбал адтæй... Æгæр берæ цидæртæ ’й гъигæдарун байдæдтонцæ... Уони нихмæ фæллæуунæн æма си фæййервæзунæн нæдæр æхе хъаурæй нæ бафæразта, нæдæр ба дохтирти, кæд æма етæ сæ тæккæ дæснидæртæй адтæнцæ, уæддæр сæ бон неци бацæй... Æма нæ еци хъаурæгин æма фæразон æмзæнхон 1968 анзи 5 апърели æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй.



*Егор ЯКОВЛЕВ (1930-2005), журналист, финсæг:*
*«Мамсури-фуртбæл ес кæрдæгхуз кительм. Фондз рæнгъемæй ордени нисантæ. Æ иуæнгти кондæй бæрæг æй, устур хъаури хецау ке æй, е. Кæд ибæл æнзтæ дзæвгарæ рацудæй, уæддæр ма æ алли фæззилд æма февнæлд дæр æнцæ зæрдæмæдзæугæ... Æ карæ ба... Æртинсæй анзи ин неци хузи равардтайсæ...»*


Испаний граждайнаг тугъди фæллойнæгæнгути сæрбæлтау тохгæнæг интернационалон бригæдти иуонгти фембæлд. Архайдта си испайнаг коммунистти номдзуд раздзæуæг Долорес Ибарурри. Æ фарсмæ ба (галеуæрдигæй цуппæрæймаг) – Мамсурати Хаджи-Умар.

# КСАНТИ – ИРОН ЛÆХЪУÆНИ ИСПАЙНАГ НОМ

***Болгайраг æскъуæлхт æсгарæг Иван Випаров æ рæстæги бацæттæ кодта киунугæ «Сосæг фронти тугъдонтæ», мухури рацудæй Болгарий сæйраг сахари киунугæуадзæн «София – Пресс»-и. Аци киунугæ махæн, Иристони дзиллæн дæр цæмæдесаг æй, уомæн æма си дзубанди цæуй нæ номдзуд æмзæнхон Мамсурати Хаджи-Умари агъазиау лæгдзийнæдти туххæй дæр. Абони еци киунугæй мухур кæнæн еу хай.***

* * *

Фæстаг хатт мин мæ бæрни ци ихæс бакодтонцæ, е мин мæ зæрдæбæл цийни базуртæ басагъта:

– Хаджи æма Ванкойæй райсæ зæрдибун арфитæ.

– Хаджийæй? Мамсурати Джеори фурт Хаджийæй зæгъис?

– Гъо, – федарæй загъта Берзин. – Хаджи ма нерæнгæ фæсарæнти нæма адтæй, уотемæй ба 'й æхсицгæ гъæуй. Уæхæн гъуди мæмæ ес, Ванко, æма 'й дæу къуармæ бакæнон, кæд ду нихмæ нæ дæ, уæд.

– Нихмæ нæ, Павел Иванович, фал мин хъæбæр æхцæуæн хабар фегъосун кодтай. Хаджи нурма æригон лæхъуæн æй, фал имæ лæгдзийнадæ ес. Мæнмæ уотæ кæсуй, æма багъæуаги сахат мах разæй дæр ма фæуууодзæнæй!

Мамсурати Джеори фурт Хаджи-Умари хæццæ æз базонгæ дæн, Китайæй ку 'рбаздахтæн, уæд. Еумæ ахур кодтан сæрмагонд скъолай. Е мæнæй аст анзи кæстæр æй, фал имæ революцион тохи ес фæлтæрддзийнадæ. Фиццагидæр æй бафеппайдта æма имæ æ гъос æрдардта Михаил Иванович Калинин. 1922 анзи Иристони гъæутæй еуемæ бампурстонцæ гæрзефтонг фудгæнгутæ, еци рæстæг Калинин Иристони адтæй гъуддаги балций, æма, минкъий ма багъæуа, фидибилизи бахаунмæ.

Советон хецаудзийнадæ уæд æхсаргинæй ка гъæуай кодта, еци сурхæфсæддонти хæццæ адтæй бæгъатæр ирон лæхъуæн Мамсурати Хаджи-Умар. Калинин Мæскумæ ку цудæй, уæд æ хæццæ фæххудта Хаджи-Умари дæр æма 'й базонгæ кодта Берзини хæццæ. Царди устур надбæл Мамсурати Хаджи-Умарæн е адтæй æ фиццаг къахдзæф.

Номдзуд тугъдон лæги туххæй аци рæнгъитæ ку финстон, уæд æхуæдæг æгас нæбал адтæй. Советон Цæдеси Бæгъатæр Мамсурати Хаджи-Умар рамардæй 1968 анзи рагуалдзæги, фал æ уоди берæ хуарздзийнæдтæмæ гæсгæ ахид æрлæууй мæ зæрдæбæл.

Кæддæр Вяжейи Берзин Хаджи-Умари æ къуармæ ку 'рбакодта, уæд Мамсури-фуртмæ еу стъалуйæй уæлдай нæма адтæй. Фал æригон афицермæ уæддæр адтæй дæсни æсгарæги устур искурдиадæ. Хаджи-Умари нифс æма хъаурæ Берзин уайтæккæдæр æрæстæфтæй æма зæрдиагæй архайдта, цæмæй æ искурдиадæ райхæла, куд гæнæн ес, уотæ хъæбæрдæр. Хаджи-Умари хæццæ ку фембалдтæн, уомæн æ дуккаг бон Берзин рабалци кодта Германимæ. Уæд Германий цудæнцæ æхсæнадон уæззау тугъдтитæ, æма ка фæууæлахез уодзæнæй, уой неке зудта. Революцион тухти 'хсæн еудзийнадæ нæбал адтæй, социалон-демократти ба нæ фæндадтæй Коммунистон партий хæццæ æмгустдзийнадæ, æма алли рæуæнттæй сæхе еуварс ластонцæ. Уæхæн уавæр ба комкоммæ парахат над игон кодта мюнхенаг фудвæндæгæнæг Адольф Гитлерæн. Мюнхени 1923 анзи е равзурста хецаудзийнадæ æ къохмæ райсунбæл, фал æ гъуддаг нæ фæррæстмæ 'й. Æрахæстонцæ 'й, æма ин æрцудæй тæрхонгонд, фал ин хатиргонд æрцудæй, æма цубур рæстæгмæ исуæгъдæ 'й. Е нæуæг хъауритæ равардта национ-социалистон змæлдæн. Фал хецаудзийнадæ æ къохмæ райсуни гъуддаги æ дуккаг фæлварæн фæррæстмæ уодзæнæй, æви нæ? Берзинмæ уотæ кастæй æма имæ æ зæрдæ уотæ дзурдта, цума аци хатт хецаудзийнадæ æ къохмæ райсдзæнæй, еугур дуйне æхе бакæнунмæ ка бæлдтæй, уæхæн политикон фудгæнæг.

Разæсгаргути еу хай адтæнцæ советон специалисттæ, æма сæ еугур хъауритæй дæр архайдтонцæ, сæ размæ ци ихæстæ адтæй, уони кади хæццæ исæнхæст кæнунбæл. Еци разæсгаргутæй беретæ сæ адзал иссирдтонцæ уæззау тохи рæстæг Испаний итигъд будурти. Æ хæдзарæ, æ бийнонтæмæ ма ка раздахтæй, етæ сæрустур адтæнцæ, сæ интернационалон ихæс ке бафистонцæ æма син испайнаг адæм сæ бæгъатæрдзийнади туххæй арфæ ке кодтонцæ, уомæй. Еци æхсаргин бæгъатæртæй еу адтæй Мамсурати Хаджи-Умар.



МАМСУРАТИ Хаджи-Умарæн берæ рауæнти ци номерæн циртдзæвæнтæ æвæрд æрцудæй, уонæй еу æй Испаний зæнхæбæл дæр.

– Ванко, зæгъай мин, дæ райгурæн бæсти, растдæр зæгъгæй ба, Македоний æцæгæй ес сахар – Ксанти? – Испанимæ рандæ уни размæ мæ еу бон бафарста Хаджи.

– Гъо, æцæгæйдæр ес уæхæн сахар, – фарстабæл бадес кæнгæй, загътон æз, – æрмæст еци сахар Македоний нæй, фал æй Хорнигулæн Фракий.

Хаджи мæмæ 'рбакастæй, бахудтæй æма загъта: «Мадта æз еци сахари ном мæхецæн равзурстон фæсномугæн. Хъæбæр цæуй мæ зæрдæмæ аци ном, фал цæмæндæр æз ба гъуди кодтон, Македоний æй аци сахар, зæгъгæ. Цæмæн мæмæ уотæ кастæй, нæ зонун».

Æз æй æрбахъури кодтон æма ин загътон:

– Хаджи, – фæсномугæн хъæбæр хуарз ном равзурстай, фæсмон нæ фæккæндзæнæн. Сахар Ксанти кæд Фракий зæнхæбæл æй, уæддæр ецирдигон болгартæ македойнаг тугъдонтæй æнæ æхсаргиндæр биццеутæ нæ 'нцæ. Сæребари сæрбæлтау тохи мæлæтæй нæ тæрсунцæ. Сæребари сæрбæлтау Испаний тох кодта Мамсурати æхсаргин Хаджи-Умар дæр, æма Ксанти, зæгъгæ, уæхæн номи хæццæ байзадæй испайнаг адæми историй.

Генерал Франкойи дæлбарæ ци хуæнхаг районтæ адтæнцæ, уоми сæхе æгъдауæй фиццаг фæззиндтæнцæ партизанти минкъий къуæрттæ, фал куд еу кодтонцæ, уотæ ирæзтæнцæ сæ нимæдзæ æма хъаурæ. Айдагъдæр сæ фулдæр къуæрттæн разамунд лæвардтонцæ, тугъдон ахур кæмæ нæ адтæй, уæхæнттæ. Уой хæццæ ба ма ефтонг нæ адтæнцæ тохæнгарзæй дæр. Уомæ гæсгæ Павел Берзин æма Гришæ Салнини берæ курдиæтти фæрци республикон хецауадæ се 'ргом хъæбæрдæр здахун райдæдта партизантæмæ. Агъаз син кодта тохæнгарзæй, рарвистонцæ сæмæ, тугъдон гъуддаг хуарз ка зудта, уæхæн политкомиссартæ. Партизантæмæ уойбæрцæ хъауритæ исæмбурд æй, æма франкисттæн сæ сæр сæ кой иссæй.

– Ду зонис, Ванко, еци партизантæн агъаз кодта Хаджи дæр. Æхуæдæг дæр бæгъатæр уогæй, Гришæ Салнин берæ уарзта сæрæн лæхъуæнти, æма Хаджий коймæ æ æрвхуз цæститæ æнахур цийни æрттивд кодтонцæ. Гришæ æхцæуæнæй берæ фæдздзурдта Мамсурати Джеори фурт Хаджи-Умари тугъдон хабæртти туххæй. Ксанти...

Испаний тугъдтити е бæрзонд исиста æхе хæццæ æ адæми ном дæр.

– Ду, æвæдзи, куд нæ фегъустайсæ испайнаг анархистти раздзæуæг Дурутийи кой, – идарддæр æ дзубанди кодта Гришæ.

– Æхецæй бæгъатæрдæр æма революцибæл еузæрдиуондæр адæймаг зин иссерæн æй. Гъе, æма еци Дурути ракурдта, цæмæй ин агъаз кæнунмæ æрбарветонцæ, тугъдон хабæрттæ хуарз ка зонуй, уæхæн специалистти. Еу уæхæн адæймаги имæ æрветгæ дæр ракодтонцæ, фал æ зæрдæмæ нæ фæццудæй. Уæд имæ уой фæсте ба рарвистонцæ Хаджий. Æ фиццаг бакастæй дæр Дурутийи зæрдæмæ фæццудæй Мамсурати хуæрзконд, хуæрзæлвæст лæхъуæн. Еу тохи дзамани ба Дурути Хаджий сабуртæ кодта, размæ, зæгъуй, æгæр ма 'мпурсæ, ами хъæбæрдæр сæризундæй архайун гъæуй...

– Лæдæрис, Ванко, æнæбасæттон Дурути сабуртæ кодта Хаджий, ами хъæбæрдæр сæризундæй архайун гъæуй, зæгъгæ. Е дæр дæмæ дессаг нæ кæсуй?

Гришæ Салнин сæрустур æма парахатзæрдæй худтæй æма худтæй: цийнæ кодта æ тугъдон æмбали лæгдзийнадæбæл.

– Аци фæстаг рæстæг æй еу циуавæрдæр америкаг æ разæй искодта, – Хаджий туххæй цæмæдесæй дзурдта Гришæ. Хонунцæ 'й Хемингуэй. Эрнест Хемингуэй. Америкæ æма Англиси газетти уацхæссæг. Устуртæ арæзт, рехæгун, уæззаугомау лæг, раст арси хузæн. Алкæддæр æ лолай хъуæцæ æ сæрмæ бадуй. Кенæ тамаку фæддумуй, кенæ ба ниуазгæ фæккæнуй. Æз Михаил Кольцови фæрсун, айæ, зæгъун, алкæддæр кенæ тамаку кенæ ба ниуазгæ ку кæнуй, уæд ма финсгæ ба кæд фæккæнуй?

Хъисмæт æнæнгъæлти Эрнест Хемингуэйи исæмбæлун кодта бæгъатæр разæсгарæг Мамсурати Хаджи-Умар – Ксантибæл Испаний медтугъди тумугъти, æма ниффинста роман «По ком звонит колокол». Е æй, аййевадон æгъдауæй æ рæстæги тæккæ хъаурæгиндæр уадзимистæй еу. Уадзимиси сæйраг архайæг ба 'й номдзуд тугъдон лæг Мамсурати Джеори фурт Хаджи-Умар. Фæсномугæй ба – Ксанти.

**Цуппаринсæй анзей размæ (1943 анзи 23 сентябри) украинаг сахар Полтавæ уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй. Уой фæдбæл тугъдтити æхсаргинæй фескъуæлхтæнцæ не 'мзæнхон тугъдонтæ дæр.**

*Александр МНАЦАКАНОВ (1921-2004), инæлар-лейтенант, Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Мамсурати Хаджи-Умар мин ахургæнæг адтæй æсгарунади... Хъæбæр боз дæн, мæ карнæ мин еци лæвар ке ракодта, æма мæ базонгæ кодта уæхæн æмбесонди адæймаги хæццæ... Куд адæймаг, уотæ Мамсури-фурт хъæбæр зæрдесгæ адтæй...»*



# «СÆРУСТУР ДÆН МÆ РАЙГУРÆН ГЪÆУБÆСТÆЙ!..»

*Мамсурати Хаджи-Умари кæд хъæбæр агъазиау гъуддæгути фæдбæл харз кæнун гъудæй æ рæстæг æма æ хъауритæ æнæгъæнæй дæр, кæд берæ вазуггин фарстатæбæл æй багъæуидæ æхсæвæй-бонæй гъуди кæнун, уæддæр æ зæрдæй некæд исцох æй æ фидиуæзæгбæл æгæрон æхцулдзийнадæ. Æ уарзон Иристон, æ райгурæн гъæу Ольгинскæ адтæнцæ æ агъазиаудæр уодæнцойнæ, æ царди фæстаг бæнтти сæбæл æновуд адтæй. Радиожурналист* ***Фæрдзинти Барис*** *æма звукорежиссер* ***Газайти Зойи*** *фæрци æ рæстæги нæ республикон радиойæй иронау æма уруссагау райгъустæй Мамсурати Хаджи-Умари зæрдæргомгæнæн дзубанди. Уæд уотæ загъта:*

– Æз æрветун мæ райгурæн гъæубæстæн устур салæмттæ. Мæ уарзон гъæу æй. Хуарздзийнадæй мæмæ ци ес, е ’рцудæй мæнмæ мæ гъæубæсти фæсевæдæй, мæ гъæубæсти адæмæй. Мæ сабийбонтæй фæстæмæ мæн мæ гъæубæстæ исахур кодтонцæ лæгдзийнадæбæл, бæгъатæрдзийнадæбæл, Советон паддзахади туххæй косунбæл. Хуарз адæмтæ нæ гъæубæсти хъæбæр берæ адтæй æма си ес. Мæн фæндуй, мæ гъæубæстæ Иристони еугурей разæй куд уонцæ кусти. Цæмæн? Æз уой зонун, æма Ольгинскæ куд кустонцæ æма косунмæ куд цæттæ адтæнцæ, уой. Сæ хъаурæ æма син сæ тухæ дæр зонун æз. Хъæбæр косæг адæм адтæнцæ нæ гъæу. Рæдудтитæ дæр сæмæ адтæй. Фал, æз уотæ æнгъæл дæн, æма дууææртæ анзей бæрцæ рацæудзæнæй, æма Ольгинскæйи, фиццаг куд кадгин адтæй, куд æгъдаугин адæм адтæнцæ, ахурмæ куд бæлдтæнцæ, уотæ бабæй разæй цæудзæнæнцæ. Устур салæмттæ æрветун æз Ольгински зæронд лæгтæн æма силгоймæгтæн. Царди берæ ка фæууидта, хъиамæт берæ ка фæккодта, фæсевæдæн зунд амонун сæ бон кæмæн адтæй, мæнæн агъаз ка бакодта, мæнæн гъуддаг ка аразта, хуарз надбæл мæ цæун ка кодта, уонæй ма беретæ ес, æма сæ цæрæнбон берæ уæд. Берæ фæццæрæнтæ дзæбæхæй, æма сæ гъæуккæгтæй сæ зæрдæ рохс куд уа идарддæр, уæхæн амонд сæ уæд.

Мæнмæ уотæ кæсуй, æма нуртæккæ гъæуи разæй цæуй колхози сæрдар Цæболи-фурт, партион организаций нимæрдар Кокай-фурт. Етæ хъæбæр хуарз биццеутæ ’нцæ. Адæми зæрдæ зонунцæ, æма уони ном дæр æнæ зæгъæн нæййес. Æма син устур арфитæ кæнун сæ хуарз кусти туххæй. Фæндуй мæ, цæмæй сæ къохи бафтуйа фулдæр пайда паддзахадæн, уæдта адæмæн дæр. Ольгинскæ зæронд Ольгинскæ нæбал æй. Нуртæккæ бабæй гъæубæсти цæруй берæ, Иристони алли кæрæнттæй ка ’рбацудæй, ка ’рцудæй хонхæй дæр, иннæ бæститæй дæр, уæхæн адæм. Æма цæрунцæ æнсувæрти хузæн. Сæ колхози ном «Путь к коммунизму» æй, æма еци ном æцæгæй куд æнхæст кæнонцæ, уæхæн амонд сæ уæд. Устур салæмттæ син æрветун æз. Еске нæмттæ си ку зæгъон, уæд си кедæр не ’ргъуди кæндзæнæн, æма уæд е зæрдихудтæй байзайдзæнæй. Уомæ гæсгæ арфæ кæнун сæ еугуремæн дæр. Æз гъæуи минкъий рæстæг адтæн, æ фæллойни æнтæстдзийнæдтæ ин ами сахари базудтон Хъæбæлой-фуртæй. Æма мин хъæбæр æхцæуæн адтæй, мæ гъæубæстæ размæ цæуй, зæгъгæ. Æма сæ салам берæ уæд. Нуртæккæ Иристони разамонæг ка æй, Билар Емæзай фурт, е листæг кæсуй алли гъæумæ дæр, æма мин ку дзурдта Ольгинскæйи хуарз гъуддæгутæ, уæд æхецæн дæр æхцæуæн ке адтæй, уой æз балæдæрдтæн, дзубанди ку кодтан, уæд. Мæнæн ба уæлдай æхцæуæн адтæй, уомæн æма Ольгинскæйи зиндзийнадæ æма тухстдзийнадæ, мæнæн дæр мæ зиндзийнадæ æма тухстдзийнадæ ’нцæ, Ольгинскæйи ци æнтæстдзийнадæ ’рцæуй, е мæнæн дæр мæхе æнтæстдзийнади хузæн зæрдтагон æхцæуæн фæууй. Æма мæ хъæбæр фæндуй, нæ гъæубæстæ еудадзуг разæй ку уидæ хуарз гъуддæгути, е.



Мамсурати Хаджи-Умар æригонæй е ’рдхуæрдти хæццæ Ольгинскæйи. 1926 анз.

* * *

*Æ фидиуæзæгбæл æ æгæрон æновуддзийнадæ иссæй æ кæстæрти æма уони цæуæти уодигъæди дæр. Уой фæдбæл æримисдзинан мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, Мамсурати Хаджи-Умари райгурдбæл 115 анзи ке исæнхæст æй (е адтæй фондз анзей размæ), уæд уой фæдбæл Ольгинскæйи арæзт æрцудæнцæ цитгингæнæг мадзæлттæ. Уонæми архайунмæ Мæскуйæй сæрмагондæй иссудæй Хаджи-Умари кизгæ Аси фурт Серхио Эрнандес. Æ мади фиди æмгъæуккæгтæн куд радзурдта, уотемæй æ цардæмбал Нори хæццæ гъомбæл кæнунцæ цуппар кæстæри. Сæ хестæр кизгæ Маргаритæ сæрмагондæй ахур кæнуй режиссери дæсниадæбæл, цæмæй æ номдзуд фидтæл Хаджи-Умари туххæй исеса кинонивæ.*

*Серхио Эрнандес ма сæрустурæй уотæ дæр загъта:*

*– Анзæй-анзмæ ми хъæбæрдæр æруагæс кæнуй, ме ’уæнгти ирон тог ке цæуй, е. Мæхе бæттун Иристони хæццæ дæр æма Мæскуй цæрæг ирæнтти хæццæ дæр, мæ равгитæмæ гæсгæ архайун сæ гъуддæгути. Мæ фидиуæзæг фиццаг хатт бабæрæг кæнунæн мин фадуат фæцæй мæ сабийдоги – ами ин хæдзарæ-музей ку байгон кодтонцæ 1978 анзи, уæд. Æма мæ уарзти æнкъарæнтæ хъæртун кæнун мæ кæстæртæмæ.*

# РÆСТДЗИЙНАДÆ ЗÆГЪУНÆЙ НÆ ТАРСТÆЙ... СТАЛИНÆЙ ДÆР

***Цалдæр анзей размæ журнал «Солдат удачи»-йи æ сæйраг редактор Михаил Ефимов ирон номдзуд инæлар Мамсурати Хаджий (уотæ ’й худтонцæ е ’мкосгутæ) райгурди 100 анзей бонмæ цалдæр номереми ниммухур кодта агъазиау уац «Диверсант по имени Ксанти». Е уоми æ раздзубандий финсуй: «Финддæсанздзудæй е æрлæудтæй Сурх Æфсади рæнгъити. Тухтæй цуппар тугъдеми – медбæстон, Испаний, советон-финнаг æма Устур Фидибæстон тугъди. Разамунд лæвардта Мадрид гъæуайгæнгутæн, финнæгти æфсади фæскъилдунмæ лыжитæбæл кодта диверсион бригадæ, партизайнаг тугъдмæ истун кодта Белоруссий, Смоленски æма цæгат-нигулæн облæстти цæргути.***

Мамсурати Хаджи РККА-йи разведуправлений адтæй 1935 анзæй фæстæмæ. Службæ кодта сæрмагонд æсгарæн-диверсион хайади. 1936 анзи рандæй Испанимæ. Уоми  фæллимæн æй зундгонд финсæг æма журналист Михаил Кольцови хæццæ, кинооператор Роман Кармени хæццæ. Михаил Кольцов Ксантий (уотæ худтонцæ Мамсурати Хаджий Испаний)  исарази кодта америкаг финсæг Эрнест Хемингуэйи хæццæ фембæлунмæ. Уой фæсте Хемингуэйи роман «По ком звонит колокол»-и Хаджи базонуй æхе, æ тугъдон æмбæлттиинтербригадæгти.

Мамсури-фурт Испанийæй ку ’рбаздахтæй, уæд иссæй болкъон æма ’рлæудтæй ГРУ-йи æсгарæг-диверсион хайади сæргъи. Финнæгти хæццæ тугъди рæстæг е исаразта лыжитæбæл цæуæг сæрмагонд диверсион бригадæ, æма уоми ахедгæ архайдта знаги фæскъилдун.

Советон-финнаг фронти тугъдон архæйдтити бæрæггæнæнти туххæй 1940 анзи Коммунистон партий ЦК æфсæддон разамонгутæн ци æмбурд исаразта, уоми æхуæдæг бригади къуæрттæй еуей туххæй уотæ радзурдта. «Къуар адтæй Кухомониемийæй 2-3 километри уоддæр. Æвеппайди нимпурстонцæ гъæумæ, искунæг кодтонцæ радиобастдзийнади пункт, цалдæр æфсæддони æма афицери, уæдта рæмодзæн æрмæг дууæ уæрдуней дзаг. Сæхуæдтæ еугурæйдæр æрбаздахтæнцæ сæрæгасæй».

Мамсурати Хаджи æндиуд айдагъ тугъди нæ адтæй. Мæнæ куд финсуй ЦК-йи еци æмбурди туххæй инæлар Павел Батов æ киунугæ «В боях и походах»-и: «Дзубанди кодта В.И. Чуйков. И.В. Сталин, рацо-бацо кæнгæй, думдта лолæ, æрлæудтæй, æруорæдта докладгæнæги, бафарста: «Зæгъай, командæ кæнунæн дæ неке хъор кодта?» Зал ниссабур æй. Фарста нæуæгæй равардта».

Еци фарста Сталин хумæтæги нæ равардта. Фæххабар имæ кодта Сурх Æфсади Политуправлений хецау æфсади фиццаг ранги комиссар Лев Мехлис алли рауæн дæр æхе миутæ кодта. Æ архайд æфсæддон разамунди гъуддаги адтæй къулумпий хуасæ, еуæй-еу хатт ба фидбилизтæ дæр расайидæ. Фал Мехлисæй тарстæнцæ. Аци æгъатир, схъиуд адæймаг адтæй Сурх Æфсади командиртæй берети æрахæссуни фæндæ аразгутæй еу.

Еци æмбурди æ цъухбæл нæ ниххуæстæй, нæ фæттарстæй айдагъ еунæг Мамсурати Хаджи-Умар, – кæд имæ устур цин нæ адтæй, уæддæр. Дзурди барæ имæ ку ’рхаудтæй, уæд тугъди туххæй бæлвурд хабæрттæ фæккодта, уæдта кæронæй критикæмæ рахизтæй. Карзæй критикæ кодта Мехлиси. Политуправлений хецау уой æнгъæл нæ адтæй. Фиццаг рафæлорс æй, уæдта æхе ниццавта Хаджибæл:

– Хахуртæ кæнис, æз дæу еу-дууæ хаттемæй уæлдай уингæ дæр нæ фæккодтон.

Мамсури-фурт ин сабурæй дзуапп равардта:

– Мæн хахурти сæр нецæмæн гъæуй, ци адтæй, уой дзорун.

Мехлис нæуæгæй фæггæпп кодта:

– Хахуртæ ’нцæ.

Аци хатт Сталин æхе нæбал бауорæдта:

– Мамсури-фурт рæстдзийнадæ дзоруй, – ниллæг гъæлæсæй исдзурдта. – Махæн ахсгиаг æй, фронти ка ’й, еци æмбал ци дзоруй, е. Мæнæн ма уой туххæй дзурдта еу æмбал.

– Хуарз уайдæ, ку æй зæгъисæ, – мæстгунæй загъта Мехлис.

– Нæй зæгъдзæнæн, – дзуапп равардта Сталин, – мæнæн æй загъта, уæдта Молотов æма Ворошиловæн дæр.

– Дзорун гъæуй æргом, – нæбал сабур кодта Лев Захари фурт.

– Рычагов... – загъта Сталин. Æнæдзоргæй ралæудтæй æма ма бафтудта: – Хахури туххæй дзубанди дæр нæййес. Æмбал Мамсури-фурт куд дзоруй, уотæ гъуди  кæнуй æмбал Рычагов дæр.

Æнæпайда буцæу кæнетæ æмбал Сталини хæццæ абони, æнæпайда адтæй æзинæ дæр. Адæймаг хуарз æй æ гъуддæгутæй. Сурх Æфсади æййивддзийнæдти пълан Хаджий дзубандитæмæ гæсгæ хъæбæр хуарз адтæй. Адæймагмæ æуууæнки æнкъарæн æвзурун кодта.

РККА-йи кадрти цæгъдун цæмæн гъудæй, еугур еци фарстатæ дæр етæ ку лух кодтонцæ, æма нур нæуæг командиртæ цæттæ кæнæ. Ци дессаг айтæ, цубурзунд æма хецаудзийнади хийнæ.

Зал бабæй нæуæгæй ниссабур æй, нирхæндæг æй. Идарддæр ци уодзæнæй, уой тæссаг уæзæ æрæнцадæй алкæбæл дæр. Исдзоруни гъомус си  некæмæ бал адтæй. Устур дессаги хузæн сæмæ кастæй цитгин Сталини цъухæй уæхæн дзурдтæ игъосун.

... Мамсурати Хаджи холлмæ рацудæй. Командиртæ имæ цудæнцæ, аразийæй ин æ къох истонцæ, æ фарс дзурдтонцæ. Еуuæхæни æ зæронд зонгæ «инæлар Бодега» – Павлови рауидта. Е имæ ’рбацудæй, салам ин равардта, уæдта ин ниллæг гъæлæсæй  айуани хузи загъта: «Ксанти, Испаний нæ фесафтæ, фашисттæ дæ нæ рамардтонцæ, нур дæ нæхеуæнттæ рамардзæнæнцæ. Кæсун дæмæ æма дæ нæ лæдæрун. Дæ зунд фæццудæй, æви»...

Ке зæгъун æй гъæуй, уæд, 1940 анзи апърели, Мамсурати Хаджи æхецæн устур æма налат знаг ке искодта, уой лæдæрдтæй. Фал е рæстдзийнадæ зæгъунæй дæр некæд некæмæй тарстæй, сауæнгæ Сталинæй дæр.

**Астинсæй анзей размæ (1943 анзи 25 сентябри) сахар Смоленск уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй. Уой фæдбæл тугъдтити дæр æхсаргинæй фескъуæлхтæнцæ не ’мзæнхон тугъдонтæ.**

*В Индии прошел первый в истории форум Всемирной организации здравоохранения по альтернативной медицине. Эксперты обсуждали возможности методов народной медицины. «На протяжении столетий народная медицина применялась для охраны здоровья, и сегодня 40% фармпрепаратов основаны на натуральных компонентах», – говорится в сообщении ВОЗ.*

**ДÆ АМОНД ДÆХЕ КЪАХÆЙ КУ РАСХУАЙАЙ, УÆД ДИН ÆЙ НЕКÆЦИБАЛ ХУЦАУ РАТДЗÆНÆЙ НÆУÆГÆЙ!..**

# РÆСТÆГ АДÆЙМАГМÆ ÆНГЪÆЛМÆ НÆ КÆСУЙ...



*Нæ рагфидтæлтæй нин ци берæ зундамонæн фæдзæхститæ байзадæй, уонæй еу æй: «Рæстæгæй афойнадæбæл ку нæ испайда кæнай, уæд æй æ фæсте уайгæй ба 'й нæбал баййафдзæнæ...» Æма уæ, æвæдзи, фæндуй базонун, уæ рæстæгæй цæйбæрцæбæл раст æма хæдзардзинæй пайда кæнетæ, уой...*

**1. СÆУМÆЙ МÆ АХИДДÆР РАЙГЪАЛ КÆНУНЦÆ:**

а) гъуддæгутæбæл сагъæстæ, б) игъалгæнæг сахат, в) бонивайæн, г) хеуæнттæ

**2. ИЗÆРМÆ МИН ЕСТИ ГЪУДДАГ ÆНÆНХÆСТГОНДÆЙ КУ БАЙЗАЙУЙ, УÆД:**

а) цийфæнди ку бафæллайон, уæддæр æй исæнхæст кæндзæнæн, б) мæ бон цæйбæрцæ ма уа, уойбæрцæ си исæнхæст кæндзæнæн, в) исонмæ 'й ниуууадздзæнæн, г) æнæнездзийнадæ сæйрагдæр æй – рандæ уодзæнæн уолæфунмæ

**3. МÆ КУСТГЪОНДЗИЙНАДÆ УÆЛДАЙ ФУЛДÆР ФÆУУЙ:**

а) сутки дæргъци æнæгъæнæй дæр, б) рæфтади фæсте, в) сæумæй, г) изæрæй

**4. ИУАЗÆГУАТИ КУ ФÆЦЦÆУН, УÆД:**

а) рагацау иснисан кæнун, уордигæй кæд рацæуудзæнæн, уой, б) уавæрмæ гæсгæ рафæндæ кæнун, в) æнгъæлмæ фæккæсун, кæдимайди ба еске зæгъидæ: «Алцæмæн дæр рæстæг æма афонæ ес...», г) неци фæннисан кæнун рагацау

**5. ЕСКЕ НÆ ФЕМБÆЛДМÆ ÆРÆГИ КУ ФÆККÆНУЙ, УÆД ÆЗ:**

а) расагъæс кæнун, мæ æмархайæги раййевун хуæздæр уидæ, зæгъгæ, б) цæстиварди мæмæ нæбал фæууй, в) баруагæсци рæуонæ мæ бон æй балæдæрун, г) æнгъæлмæ кæсун æма нæ тингун кæнун

**6. МÆХУÆДÆГ ЦÆЙ ФУДÆЙ БАЙРÆГИ КÆНУН, УОЙ ТУХХÆЙ ФÆЗЗÆГЪУН:**

а) æргомæй æма рæстзæрдæй, б) уавæрмæ гæсгæ, в) баруагæсæн ка фæббæззуй, уæхæн рæуонæ, г) неци рæуонæ ракæнун

**7. АЛЛИБОНИ БОНУГТÆ ÆМА ÆНÆР УÆХÆН ДЗАУМÆУТТÆ МИН ÆНЦÆ:**

а) алли бон дæр сæ финсун мæ фарстати, къуæрей дæргъи мæ бакæнуйнæгти туххæй æма уонæмæ гæсгæ аразун къуæрей дæргъи мæ бакæнуйнæгтæ, б) некæми мæ гъæунцæ, æнæ уонæй дæр мæ зæрдæбæл дарун мæ кæнуйнæгтæ, в) ес мæмæ блокнот, фал ми е дæр ахид ферохх уй, г) некæми гъæунцæ аллихузон бæрæггæнгутæ æма хицхицгæнгутæ

**8. АБОНИ ЦÆЙБÆРЦÆ РÆСТÆГ ДЗÆГЪÆЛИ ФЕСАФТАЙ, ЗÆГЪГÆ, МÆ КУ БАФÆРСОНЦÆ, УÆД:**

а) зæгъдзæнæн раст æма бæлвурдæй, цæмæй уотæ мабал рауайа, б) мæ бон æй балæдæрун кæнун, в) дзуапп ратдзæнæн куддæрти, г) мæхецæн нæ базин кæндзæнæн ранимайæ-банимайтæй

**9. ГЪУДДАГ БÆЛВУРДÆЙ БАДЗУБАНДИГОНД РÆСТÆГМÆ ИСÆНХÆСТ КÆНУН КУ ГЪÆУА, УÆД:**

а) мæ бон цидæриддæр уа, уомæй байархайдзæнæн æ исæнхæст кæнунбæл, б) байархайдзæнæн афойнадæбæл исæнхæст кæнунбæл, в) байархайдзæнæн фæттиллеф си кæнунбæл, г) тагъд нæ кæндзæнæн – цæмæй мин уой фæсте уæхæн ме 'нæуинон гъуддæгутæ мабал дæттонцæ

**10. САБАТИ ÆЗ:**

а) ахид фенхæст кæнун майрæнбонæй байзайгæ кустæгутæ, б) алкæддæр фæууадзун мæ фæллад, в) хаттæй-хатт фенхæст кæнун, г) куд фæззæгъунцæ, накæ кæнун уавæри уолæнтæбæл

**Дзуæппитæ ци дамугъатæ равзарайтæ, уонæй алкæмæн дæр аргъгонд цæуй: «а» – 4 балли, «б» – 3 балли, «в» – 2 балли, «г» – 1 балл. Æма уомæ гæсгæ ба нимайетæ:**

**10-12 балли.** Æвæдзи, гъæуама хайгин уай уоййасæбæл берæ ацъаргуитæй, цæмæй æмбæрцæ уонцæ дæ æрдзон сахатдзийнæдтæ æма рæстмæ менеугутæ.

**13-22 балли.** Рæстзæрдæй архайис гъуддагон домæнти аккаг унбæл, фал дæ цæмæйдæр хъоргæнæг æй, уодиконди цæсгондзийнадæй гъуддагмæ уæлæнгай рахастдзийнади нихмæлæуууæг ке дæ, е.

**23-32 балли.** Амондгун берæ цæмæйдæрти дæ: рæстæг бустæги рæстмæ нæ райуарис, фал уомæй неке батухсун кæнис.

**33 баллемæй фулдæр.** Кæд æма дурусдзийнадæ къароліти ездондзийнадæй æй, уæд уой нимайгæй ду ба император дæ. Æцæг ма дæ æвæстеуатæй гъæуй еуцæйбæрцæдæр уæнгуагъддæр унбæл исахур ун.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



Фарстатæн се 'мбесæй фулдæрбæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.

**1. ССР Цæдеси Адæмон Комиссарти Совети сæрдари бунати Владимир Ленини ка раййивта?**

а) Алексей Рыков. б) Лев Каменев. в) Григорий Зиновьев.

**2. Номдзуд хузæгæнæг Рафаэль Санти силгоймæгти сорæттæ кæми исфæлгонц кодта, еци зундгонд хузтæй Уæрæсей кæций фæуунун æнгъезуй?**

а) Мадонна Соли. б) Мадонна Конестабиле. в) Мадонна Диоталеви.

**3. Уруссаг император Александр II уæлдай æновуд адтæй æ цауæйнон куй Милордбæл, кæци æ хæццæ алкæддæр æма алкæмидæр уидæ. Æма паддзах 1867 анзи фæсарæнмæ балций рандæуогæй æ хуæздæр ли мæни æ хæццæ ку нæ райста, уæд уомæн æ зæрдæ ратудта. Кумæ рандæй балций паддзах?**

а) Нью-Йорк. б) Токио. в) Париж.

**4. «Уарзондзийнадæ æма бæлæутæ», зæгъгæ, киногиви артисткитæй ка архайдта æ къæбуций хæццæ?**

а) Нинæ Дорошина. б) Наталья Тенякова. в) Людмилæ Гурченко.

**5. Мæскуй Кремли Алмази фонди (Алмазный фонд) æвæрд æй, æ уæзæ аст килограммемæй минкъий-минкъийдæр кæмæн æй, уæхæн алæмæти хъазар хуæдæвзурд «Урайлаг гигант». Евгъуд æноси 'й иссирдтонцæ Исовски районы рæдзæгъдтити. Циуавæр æзгъæр æй æ бундор?**

а) Æвзестæ. б) Сугъзæринæ. в) Платинæ.

**6. «Кæрæдзей уарзгæй цæретæ, ме 'нсувæртæ...» Уотæ æ рамæлæти хуæдразмæ нæ номдзуд фингутæй ка фæдзахста æ фæдонтæн?**

а) Бритьиати Елбиздихъо. б) Гæдиати Секъа. в) Хетæгкати Къоста.

**7. «Иристойнаг, зæгъгæ, загъд кадæ æма ради хæццæ фæззæгъунцæ Фидибæстон тугъди еугур фронтти дæр, уомæн æма иристойнæгтæ сæхе равдистонцæ бæгъатæр æма рæстзæрдæ тугъдонтæй...» Советон зундгонд фингутæй уотæ ка финста?**

а) Илья Эренбург. б) Константин Симонов. в) Петр Павленко.

**Раст дзуæппитæ нæ газети 33-аг номери мухургонд фарстатæн.**

1. 1918 анзи. 2. Джуно. 3. Евгений Светланов. 4. Фаинæ Раневская. 5. Къумæл. 6. Гурджибети Блашка. 7. Генрих-Юлиус Клапрот.

## И ЧТО ТОЛЬКО НЕ УСЛЫШИШЬ В ЭТОЙ ЖИЗНИ!..

Наконец-то! Новая сковорода от Tefal. Не только с антипригарным покрытием, но и с мягким дном с другой стороны! Теперь Tefal заботится и о нас, мужики!

* * *

– Какая разница между женой и собакой?

– Спустя годы собака все еще будет искренне радоваться вашему приходу.

* * *

– Скажите, если я пойду по этой улице, там будет железнодорожный вокзал?

– Он там будет, даже если вы туда не пойдете.

* * *

– Сегодня молодежь испытывает все больший страх перед браком…

– И правильно делает! Я до брака вообще не знал, что такое страх.





* * *

Жена подходит к мужу:

– Дорогой, у меня машина сломалась, в карбюратор вода попала…

– Да что ты понимаешь в автомобильном двигателе! Да ты даже не знаешь, что такое карбюратор! Где твоя машина?

– В озере.

* * *

– Доктор,мне уже три месяца снится одна и та же женщина.

– Ну и что?

– Надоела!..

* * *

У блондинки родилась двойня. Она сидит и рыдает. Заходит медсестра:

– Что случилось?

– Что я скажу мужу?.. От кого второй ребенок?..

Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. E-mail: gazeta-digora@inbox.ru. Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони. Рафинсуни индекс: 73946. Тираж 650. Заказ № 2079. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 22.09.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.09.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.